



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL REVELE NOUVO KANPAY EDIKASYON PIBLIK SOU
KANABIS NAN TOUN ETA A**

***"Why Buy Legal New York" pral ankouraje Nouyòkè yo pou yo achte pwodwi
kanabis ki pi an sekirite, ki reglemante ki soti nan dispansè ki gen lisans yo***

Anons sèvis piblik yo pral parèt sou rezo sosyal yo ak sèvis difizyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman "Why Buy Legal New York" (Poukisa pou Achte Legal nan New York), ki se yon kanpay edikasyon piblik ki ankouraje acha kanabis ki pi an sekirite, ki enfòm epi ki legal nan dispansè ki gen lisans yo nan Eta New York. Kanpay la konsantre sou twa pilye kle: pwoteje sante piblik la ak pwomouvwa ekite sosyal ak re-establisman kominotè. Gouvènè Hochul te fè anons la ansanm ak Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management) Eta New York la nan CUNY Law School nan Vil New York. Anons "Why Buy Legal New York" yo eksplike epi mete aksan sou risk potansyèl pou sante ki asosye ak achte pwodwi kanabis yo nan men biznis ki pa gen lisans yo epi poukisa pwodwi kanabis reglemante yo pi an sekirite. Li esplike tou kijan achte legal sipòte avansman objektif ekite sosyal ak ekonomik New York la pou kominote yo atravè Eta a.

"Pou ranfòse sante ak sekirite piblik tout Nouyòkè yo, n ap ba yo enfòmasyon yo bezwen pou pran desizyon enfòm epi jwi kanabis yon fason responsab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye bati yon mache kanabis ki pi an sante epi ki pi ekite, mwen fyè pou m lanse kanpay edikasyon piblik enpòtan sa a pou ankouraje acha kanabis ki pi an sekirite epi ki legal nan dispansè ki gen lisans yo atravè eta nou an."

Kanpay ki prensipalman dijital la pral vize konsomatè kanabis yo ki gen 21 ane ak plis ankò epi li gen ladann divès kalite materyèl edikatif, tankou "Gid pou Konsomasyon Kanabis ki pi an Sekirite (The Guide to Safer Cannabis Consumption) a". Materyèl sa yo pral bay enfòmasyon sou fason pou jwenn dispansè legal nan New York ak bay konsèy sou fason pou konsome kanabis san danje. Materyèl yo disponib nan:
<https://cannabis.ny.gov/consumers>.

Foto piblisite yo an Anglè disponib [isit la](#) ak Espanyòl [isit la](#) epi videyo PSA yo an Anglè disponib [isit la](#) ak an Espanyòl [isit la](#). PSA yo pral parèt sou rezo sosyal, sou sèvis difizyon, ak sou transpò piblik ak piblisite ki baze sou kote atravè Empire State la.

20 avril, ke yo rekonèt kòm 20/04, deja vin tounen yon fenomèn mondyal ki selebre kilti kanabis la ak peyizaj legal k ap evolye li yo. Okòmansman yon pwotestasyon kont kriminalizasyon kanabis ak aplikasyon lwa sou dwòg ki pa egal, jounen an kounye a make tou yon viktwa pou defansè ki te goumen san pran souf pou mete fen nan entèdiksyon kanabis la. Pandan n ap pwoche jou sa a ki trè antisipe, li enpòtan pou ranfòse mesaj sante ak sekirite epi raple Nouyòkè yo pou yo konsome kanabis yon fason responsab. Lè yo lanse kanpay "Why Buy Legal New York" la sou plizyè platfòm, tankou Instagram, Facebook, ak sèvis difizyon yo, Eta New York ap asire mesaj enpòtan sa yo rive jwenn plis moun posib nan yon moman kote sansibilizasyon sou kanabis la ogmante.

Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou lanse kanpay sa a pou ankouraje acha kanabis ki san danje epi ki legal nan New York. Lè nou sipòte dispansè ki gen lisans, konsomatè yo ka gen konfyans yo ap resevwa pwodwi ki an sekirite epi ki gen etikèt egzakt pandan y ap sipòte kominote lokal pa yo."

Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, te deklare, "Nou vle asire nou ke Nouyòkè yo enfòme sou risk ak avantaj potansyèl ki genyen nan itilize kanabis la. Objektif nou se ekipe konsomatè yo pou pran desizyon enfòme epi asire yo gen aksè ak pwodwi ki pi an sekirite ki disponib yo. New York gen kèk dispansè enkwayab atravè eta a, epi mwen ankouraje konsomatè kanabis yo ak sila ki kirye yo pou vizite boutik sa yo epi wè poukont yo."

Lyla Hunt, Direktris Adjwen Kanpay Sante Piblik & Edikasyon an, te deklare, "Kanpay 'Why Buy Legal New York' nou an enpòtan anpil pou edike Nouyòkè yo sou enpòtans pou achte kanabis legalman nan dispansè ki gen lisans yo. PSA sa yo fèt pou ofri yon kontras ki frapan ak egzajerasyon yo ak mesaj ki pa kòrèk ke anpil moun te eksperimante pandan entèdiksyon kanabis la. Lè nou mete aksan sou benefis sante ak sekirite ki genyen nan achte legalman, nou espere bati konfyans nan endistri kanabis ki reglemante epi ankouraje Nouyòkè yo pran desizyon enfòme konsènan konsomasyon kanabis la. Kanpay sa a se yon opòtinite tou pou abòde domaj istorik yo epi ankouraje re-vestisman kominote pandan y ap bay bonjan enfòmasyon sou espas kanabis reglemante a. Nou kontan lanse kanpay sa a epi nou kwè li pral fè yon diferans enpòtan nan lavi Nouyòkè yo, pou sipòte yon endistri kanabis ki pi an sekirite epi ki pi ekitab pou tout moun epi fè pwomosyon premye apwòch edikasyon Eta New York la."

Nan kanpay "Why Buy Legal New York" la genyen operatè kanabis ki gen lisans sa yo:

- Jasmine ak King se kiltivatè ki gen lisans ki konsantre sou pwopriyete ki santre sou kominote a ak byennèt kanabis la. Kounye a, ak plis pase 10

ane eksperyans nan agrikilti familyal yo ap rekòlte pwodwi kanabis pou kominote yo atravè Eta a.

- Howard se yon transfòmateur ki gen lisans ki konsantre sou pratik sekirite modèn ak efò edikasyon pou fabrike pwodwi kanabis ki pi an sekirite pou kominote yo atravè Eta a.
- Damien se yon revandè ki gen lisans ki konsantre sou refòm jistis sosyal ak re-vestisman kominotè epi li pote plis pase 5 ane eksperyans pwopriyete biznis nan nouvo endistri a.
- Eddie se yon transfòmateur ki gen lisans ki pote eksperyans li nan 5+ jenerasyon agrikilti familyal pou fabrike pwodwi kanabis ki pi an sekirite pou kominote yo atravè Eta a.

Kanpay "Why Buy Legal New York", la swiv kanpay edikasyon piblik "[Konvèsasyon Kanabis](#)" la ke Gouvènè Hochul te lanse an 2022.

Lwa kanabis New York la priyore sante piblik la. Li bati sou prensip fondamantal sekirite piblik, jistis sosyal, ak devlopman ekonomik ekitab pou remède domaj yo te enflije pa entèdiksyon kanabis la. Pou sipòte transfòmasyon politik sa a, lalwa mande kanpay edikasyon sante piblik pou edike Nouyòkè yo sou enplikasyon nouvo lejislasyon an ak efè potansyèl itilizasyon kanabis sou sante ak sekirite piblik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)